ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№71 (22. 229) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 20, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Iэтащхьэм и пощт

Гъуэгухэр зэрагъэпэщыж

2012 гъэм и гъатхэпэм КъБР-м и Iэтащхьэм и Интернет напэкIуэцIым тхыгъэу 321-рэ кърагъкъащ. Абыхэм ящыщу 113-р псэупIэм, 25-р псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, 17-р егъэджэныгъэм пыщIа Iуэхуэхэм, 36-р узыншагъэр хьумэнымрэ лэжьапIэ кьэгъуэтынымрэ ятеухуащ. Лэжьапщ Iэ зэрат щыкIэм, мыхьумыщIагъэ зэмылIужьыгъуэхэм егъэпIейтей тхыгъэхэр кьызэмыбгъэдэкIыжхэм ящыщу 27-р, кьинэмыщI Iуэхуэхэм топсэльыхь цIыху 86-р. КъБР-м и Iэтащхьэм фIыщIэ кьызыщIу цIыху 17-м тхыгъэкIэ зыкъыхуагъэзащ.

НАЛШЫК кьалэм щыщ цIыхубзым дэIэпыкъуну кьелъэIуу КъБР-м и Iэтащхьэм зыкъыхуигъэзащ. Абы и унэм мафIэс кьыщыхьури, унэлъащIэри, щыгъынхэри, адрей лъэпщпхэри исащ. Езы цIыхубзым щIыгъуу а унэм езым и щхьэгъусэр, и гуащэр, и пщыпхъур, апхуэдэу сабиищ, зыр быдзафэу, щыпсэурт. МЧС-м и Iэщ1агъэлIхэм кьыз1эрахутамкIэ, мафIэсыр кьызыхэкIар унэм щIэта Iэмэпсымэхэм ящыщ зым иIа дагъуэрщ. Иджы унагъуэм щыщ цIыхуи 6-р метр зэбгъуэзнатIэ 8 фIэкIа мыхьум щIэсщ, цIыхубзым и щхьэгъусэр я гъунэгъуэхэм я деж жэщгъуэлъ макIуэ. Къанокъуэ Арсен пщэрыльть зэрыщищIам ипкь иткIэ, Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэр мы тхыгъэм хэпльащ икIи, унагъуэр гугъуехь зэрыхэхуар кьилытэри, ахъшэкIэ дэIэпыкъуащ.

Псыгуэнсу кьуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэм республикэм и Iэтащхьэм зыкъыхуагъэзэн хуей щIэхъуар абыхэм илъэси 8-м щIигъуэу сабий зэрамыгъуэтырщ. Дохутырхэм абыхэм кьызэрыжриIэмкIэ, Москва кIуэу загъэхьужын хуейщ. Абы папщIэ зэщхьэгъусэхэм квотэ хухахащ. Ауэ гъуэгупщIэрэ зрахьэлIэн хуей хущхьуэ льапIэхэмрэ кьызэрадзэхун яIэкъым. Зэщхьэгъусэхэм я льэпIур Къанокъуэ Арсен гулыитэншэу кьигъэнакъым икIи абыхэм ядэIэпыкъуну КъБР-м Узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм и пщэ ирилъхьащ. Унафэ ящIащ къьэпсЫуахэм, щыIэ хабзэхэм тету, гъуэгупщIэр хуапшынкьыну.

Налшык кьалэм щыщ Александровкэ хьэблэм щыпсэухэр куэдрэ къотхьэусыхэ Калинининым и уэрамыр зэрызэхэкьутам, абы жылагъуэ транспортыр зэрыщыземыкIуэжьым теухуауэ. Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм зэрыщыжаIамкIэ, а уэрамыр мы гъэм зэрагъэпэщыжынущ. Абы уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ, щхьэнтIагъэхэр щыхасэнущ, лъэс зекIуапIэхэр щыхуей щыхуагъэзэнущ. Калининым и уэрамыр зэгъэпэщыжьынымкIэ проект-сметэ документацэм иджыпсту КъБР-м Къэрал экспертизэмкIэ и управленэм щыхоплъэри, ар зэфIэкIа нэужь, лэжьыгъэхэр езыгъэкIуэкIынур кьыщыхахыну аукцион кьыз1эрагъэпэщынущ.

Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэр зэкIэлъыкIуэу иолэжь Александровкэ хьэблэр зэIуэпэщ щIыным. 2011 гъэм Суворовым и уэрамым километри 5,8-кIэ ирикIуэу уэздыгъэр щыфIадзащ, Бесльэмейм, Кьардэным, Мусэм, Разиным, Тархановым, Трошевым, Туполевым я уэрамхэр, Самотечнэ зэрамыгъэр зэрагъэпэщыжащ.

Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм щыз1эхалъхьащ икIи кьыщащтащ «2012 - 2014 гъэхэм Налшык кьалэ округым и гъуэгуэр, уэрамхэр, фэтэр куэд хьу унэхэм я пщIантIэхэр зэгъэпэщыжьынымкIэ муниципальнэ программэ хэхар. Илъэси 3-м тещIыхьа а программэм хиубыдэу Александровкэ хьэблэм щыщу уэраму 26-р зэрагъэпэщыжынущ.

ДЕРБИТ Къазбэч,
КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1анIэм и лэжьакIуэ.

ООН-ра зи унафэр?

Iэщэр ягъэтIылъыну лъэныкъуитIри зэрызэгурIуэм емылытащ. Сирием иджыри зэхэуэхэр щокIуэкI. ООН-м и Секретарь щхьэщхьэ Пан Ги Мун ар кьыщыгъэлъэгъащ ЩынагъуэншагъэмкIэ Советым хуигъэхьа тхыгъэм.

ООН-м Дамаск щыIэ властыр егъэкъуанщэ, кьалэхэм дзэр кьыдэпыжьынымкIэ кьалэн зыщищIыжахэр имыгъэзащIэу кьелъытэри. Абы кьыхэкIыуи, Пан Ги Мун кьегъуэн Сирием щыIэ кIэлъыплъакIуэхэм я бжыгъэр зауэлI-Iэщ1агъэлI 300-кIэ нэхъыбэ щIын хуейуэ. Зэхэуэхэр и чэзум зэрагъэуэвыламэ, зауэлI ямыгъэ кIэлъыплъакIуэ 250-р я фIэкIа ямыгъэкIуэну тращIыхьыт.

Пан Ги Мун Евросоюзым и унафэщIэхэм гъубжым Брюссель щащыIуцIам кьыхигъэщащ Сирием щыIэжьну кIэлъыплъакIуэхэр кхъухьлъатэхэмрэ вертолетхэмрэ зэрыхуэныкъуэнрэ икIи кьилытащ а къэралым папщIэ кIэлъыплъакIуэ Iэщэншэу 250-р икъуэкI мащIэу. Абы кьыкIращи, ООН-р хущIокьу и дзэр Дамаск дигъэхьыну.

Дамаск зэкIэ хунт ищIыркъым ООН-м и кIэлъыплъакIуэхэр кхъухьлъатэрэ вертолеткIэ кьызэрагъэпэщыну, абыхэм я бжыгъэм зэрыхагъахьэмкIи арэзыкъым. Сирием къэрал щIыбэ IуэхуэмкIэ и министр Муаллем Валид жIащ ООН-м и кIэлъыплъакIуэхэм зыхуейм хуэдиз вертолет зэрыратыфынур, ар Iэмалынышэ хьумэ.

КъэралитIыр зэгуохьэ

- Белоруссиер егъэлеяуэ егъэпIейтей НАТО-м и дзэр ди республикэм и къэрал гуэнапкъэхэм зэрыпэгъунэгъум, - жIащ а къэралым зыхьумэжьныгъэмкIэ и министр Жадобин Юрий. Урысеймрэ Белоруссиемрэ ЗыхьумэжьныгъэмкIэ я министерствэхэм зэгъусэу зэIуэщIэ ирагъэкIуэкIа ныжь.

- Дуней псоми, ди къэралыр зыхиубыдэ щIыналъэми щытыкIэм апхуэдизкIэ псынщIэу зыщецхъэжри, шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным зэпымыууэ елъжьын хуей мэхъу. Ди къэрал гуэнапкъэм пэгъунэгъуэу зэрыгъэуэнум дзэ псо щыхуагъэхъэзыр, - пещэ Жадобин Юрий.

Нужьрей зэманым Белоруссиеми Урысеймi я зыхьумэжьныгъэр зэлъыта щIыналъэхэм кьыщыунэхуащ НАТО-м и дзэ аэродромэ пщIы, кхъухь тедзапIэу плIы, мыгувэу Польшэм кьыщызэIуахынущ США-м и авиабазэ, ПРО системэри Белоруссием и къэрал гуэнапкъэхэм пэгъунэгъуэ яухуэ.

Абы кьыхэкIыу Урысеймэ зауэ хуэIухуэщIэкIэ зэрыдэлажьэм зригъэубгъуну Белоруссиер нужь итщ.

Зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэIуэщIэм къэралитIым я плIыкIуэхэм щаубыхуащ я кьарур зэуIу ящIу ПРО системэ зэрауэхуэну Iэмалхэри нэгъэщI Iуэхугъуэ куэди. Псом янэ гулытэ зыхуащIар ПВО-м и системэ зэуIуу кьызэгъэпэщынращ.

Зыкъаужьыж

Ижевск и автозаводым дыдэуаз кьыщIиГъэкIащ ВАЗ 2107 лъэжьыгъэм я нужьрей автомашинэр. Иджы «Лада 2107» лIэужьыгъуэр зэпкъралъхьажьнукъым. Заводым и пресс-Iуэхущ1анIэм кьызэритыкIэ, ахуэхуэ унафэр кьыхокI мы гъэм ахэр щигъуэй зэрыхъуам.

«Лада 2107» автомобиль лIэужьыгъуэр зэпкърыльхьэн зэрыщIадзам и фIыгъэкIэ, Ижевск и автозаводыдыр къэщIэрэщIэжауэ щытащ. «Классика», «Утилизация» къэрал программэхэм я фIыгъэкIэ, абы ищм хигъахъэзри, нэгъабэ мазэ къэс кьыщIигъэкI автомобиль бжыгъэр мини 10-м нигъэсыну кьеъхулат.

А щытыкIэм къахуихьа хэхъуэм Iэмал кьаритащ я Iэмэпсымэхэр кьагъэщIэращIэу, кьыщIагъэкI машинэ лIэужьыгъуэр нэхъыфIкIэ яхъуэжьыну. Мы гъэм щыщIэдзауэ Ижевск кьыщыщIагъэкIынущ «Лада Гранта» машинэр.

НОБЭ

и Урысеймi лъы тынымкIэ и льэныкъ махуэщ

и Мэлыжьыхьым и 20 - 22-хэр щIалэгъуалэм кьулыкъу, кьалэм дахэ зэрахьэным и дунейпсо махуэхэу гъэкъэ ягъэлъапIэ.

и Илъэс 15 и пэкIэ Пушкин А.С. и цIэр зэрихьэу Нью-Йорк кьыщызэIуахащ урыс литературм и музей.

и Мэлыжьыхьым и 20 - 22-хэм Вашингтон (США) щекIуэкIынущ Дунейпсо валютэ фондымрэ (МВФ) Дунейпсо банкымрэ я унафэщIэхэм я зэIущIэ.

и Мэлыжьыхьым и 20 - 23-хэм Дохэ (Катар) щекIуэкIынущ ИнвестицэхэмкIэ дунейпсо зэхьэ.

и Екатеринбург щекIуэкIынущ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиемэ Урал щIыналъэм щIэ и кьудамэм и зэIущIэ.

и 1937 гъэм КъБАССР-м и Прохладнэ станицэр ящIащ.

Дунейм и щытыкIэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэриты мкIэ, нобэ Налшык уэзыр кьещIыхьнущ, хуабэу махуэм градус 13 - 17, жыщым градуси 10 - 12 щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакъикъэ 14-м, кьуэхьжынущ сыхьэт 19-рэ дакъикъэ 55-м.

Хьэуам и псыIатыр кьитIасэнущ процент 64 - 82-м.

Щ1ыналъэр зыкъызэрыгъэзагъэр **ГЪУЩIО Зарифэ.**

Лъэпкъ Iуащ1ыгъэ:

Акъылыр жыжьэ маплъэри, нэр абы и лъагъуэ ирокIуэ.

● Къэрал Iуэхущ1апIэхэм

Къуажэдэсхэм ядоIэпыкъу

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министерствэм и информацэ-аналитикэ департаментым и лэжьакIуэхэр идкьыблагъэ щыIащ Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым хьыкъэ Белокаменскэ къуажэм.

АР РЕСПУБЛИКЭМ и жылагъуэ нэхъ пхыдзахэм ящыщщ икIи абы дсхэр я щхьэ Iуэхукъэ кьалэм е районым щымыкIуэфэ кьохъу. Ар кьалытэри, министерствэм и лэжьакIуэхэр, районым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэмкIэ и управленэм и унафэщI Бжьахьуэ Ахьмэд, а Iуэхущ1апIэм и Iэщ1агъэлI нэхъыщхьэ Къущхьэ Маснрэт щыхуэхэм езы кьуажэм щахуэщащ. Абы кьрихьэлIащ кьуажэм и Iэтащхьэ Абыдэ Хьэсети.

Тхьэмокьуэ Оксанэрэ Мэремкьул Марьянэрэ Iэщ1агъэлIхэм еЧэндэщащ сабий ахьшэр къыIахьи папщIэ зыхуеину документэмкIэ. А тхылъ псори занщIэу ягъэхьэзырри иратыжащ икIи дяпэ зы илъэскIэ абыхэм зэблэу кьыхэмыкIыу сабий ахьшэр кьаIэрыхьэнущ.

Пенсэм щыIэ Алмэ Галинэ гурагъэIуащ ар щыпсэу унэр приватизащэ зэрищIыну щIыкIэр. Апхуэдэу цIыху куэд щIэупщIащ социальнэ дэIэпыкъуныгъэ зэмылIужьыгъуэхэр зэрат щыкIэм.

Департаментым и Iэщ1агъэлIхэм социальнэ лэжьакIуэхэр зэгъэбыдылIа жьыкIэфэкIэхэм я унагъуэхэр кьызэхэкIухьурэ абыхэм я Iуэху зыIутым щIэупщIащ.

Бжьахьуэ Ахьмэд зэрыжиIамкIэ, мыпхуэдэ лэжьэкIэр икьуэкI сэбэн мэхъу цIыхухэм езыхэм яIэ хуитынигъэхэм, социальнэ ахъшэхь лъэитхъэр зэрат щыкIэм щыгъуэзэ щIынымкIэ. Езы унафэщIри Iэмал зэриIэкIэ нэхъыбэрэ кьуажэхэм макIуэ икIи дзIэпыкъуэгъуэр гулытэрэ хуныкьуэхэм яIуощ1э.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● АПК

Гъатхасэм пащэ

Мэлыжьыхьым и 16-м нрихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъатхасэр гектар мин 19-м щIигъуэм щыз1эфIагъэкIащ. Хьэ пасэм и жылэхэр гектар минищ1 щIигъуэм хагъэзэгъащ.

ПСОРИ зэхэту а лэжьыгъэр гектар мин 230-м нэблагъэм щрагъэкIуэкIынущ.

Гъатхэр кIасэу кьыз1эрыкIуам вэн-сэныр зымащIэкIэ игъэувами, егупсу зэрызыхуагъэхьэзырам и фIыгъэкIэ, лэжьыгъэр щэщIауэ ирагъэкIуэкI, дунейм и щытыкIэр зэран кьахуэмыхьуэ, агротехникэм и пIалъэм кьитIасэу сэныр яухынущ.

КъБР-м Мэкъуэмэн хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1анIэ.

● Бахьсэн куей

Дунейпсо утыкум йохьэ

Дунейм щынэхъ цIэрыIуэхэм ящыщ You Tube видеохостингым иралъхьащ Бахьсэн районым теухуауэ а муниципальнэ щIыналъэм и пресс-Iуэхущ1апIэм игъэхьэзыра видеороликыр. Ар дакъикьитIкIэ йокIуэкI икIи районым и экономикэм и зыужьыкIэр, фейдэшхуэ кьызыпыкIыну инвестицэ проектхэр зэрагъэзащIэр, псэуныгъэм, щэнхабзэм, спортым я IэнатIэхэм кьыщахьа ехъулIэныгъэхэр кьегъэлъагъуэ.

МЫ ВИДЕОХОСТИНГЫР кьыщIыхахам щхьэусыгъуэ пыухыкIа иIэщ. Кьэзыгъэсэбэп цIыхухэм я бжыгъэм тещIыхьауэ абы дуней псом ещанэ увыпIэр щеубыд. Интернетыр кьэзыгъэсэбэп дэтхэнэ зыми иджы щыгъуазэ зищIыфынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым мы и щIыналъэ нэхъ пашэхэм ящыщым и щытыкIэм.

Бахьсэн районыр инноваци проектхэр зыубгъуауэ щагъэзащIэ щIыналъэщ. Мыбы щаухуащ гидропоникэм и Iэмалхэм тету хадэхэкIхэр щагъэкI «Агро-Ком» теплицэ комплексыр. Ар Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щынэхъ ин дыдэщ. Апхуэдэу мы муниципальнэ щIыналъэм псынщIэу кьызыпыкIэ жыг хадэхэр щыщхьасэ, пхъэщ1ыкIэмэдзхэ хъумапIэхэр, пластикым кьыхэщIыкIа тарэ кьыщIэзыгъэкIыну завод щаухуэ. Апхуэдэу кьрагъэжьауэ ящI сом мелуани 135,6-рэ зи уасэ агротехнопарк.

Илъэси 4-м хэриубыдэу абы кьуажэдэсхэм ящыщу цIыху мини 2-м щIигъу мэкъумэш IэнатIэм кьыщагъэсэбэп технологиехэмрэ агробизнесым и кьызэгъэпэщыкIэмрэ щыхуэрагъэджэнущ.

Бахьсэн районым апхуэдэу щагъэунэхуащ икIи щызэтрагъэзыщ курыт еджапIэхэм щIэсхэр шхын хуабжькIэ кьызэрыз1эрагъэтэщ щIыкIэр. Апхуэдэ лэжьэкIэм щапхъэ трахыну республикэм и муниципалитет псоми тэнджэщ иратащ.

Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и щапхъэм тету, район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн дызэрыт илъэсым и мазаем езым и напэкIуэцI Интернетым кьыщыщIуихаауэ, ар кьыхэзгъэпурэ цIыхухэм запещIэ. Муниципалитетым и унафэщIхэр хущIокъу иджыпей электрон Iэмал псори езыхэм я лэжьыгъэм кьызэрыщагъэсэбэпыным.

АЛОКЪУЭ Аринэ,
Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Дыгъуасэ

Ныбжьыщ1эхэр зохьэзохуэ

«Нартхэм я хьугъуэфIыгъуэ» етхуанэ дунейпсо сабий-ныбжьыщIэ этноартфестивалым хэту, дыгъуасэ Налшык кьалэм ящу кьыщызэIухаас сабийхэм-рэ ныбжьыщIэхэмрэ щхьэкIэ кьызэрагъэпэща «Налшык - нартхэм я хьугъуэфIыгъуэ» фестиваль-зэпеуэр.

МЫ IУЭХУР кьезыхьэжьахэм я мурадщ щIэблэм я художественнэ гупсысэкIэм зэрагъэужьыну, лъэпкъ щэнхабзэм и тхыдэм нэхъри драгъэхьэхыну, Кавказ Ищхьэрэм и еджапIэхэр щэнхабзэ IэхуэхэмкIэ зэпащIэну.

Ныхьийуэ зэхэт зэхьэзэхуэр мы егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэхэм щокIуэкI: Налшык кьалэм и гимназие №29-м, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым, Гуманитарнэ къэхутэныгъэхэмкIэ институтым, информатикэмрэ щIыналъэм унафэр щагъэзэщIэным епха гугъуехьхэр кьэхутэныкIэ институтым. А Iуэхущ1апIэхэм кьыщащIыгъуу ныбжьыщIэхэм сурэтыщI, декоративно-прикладнэ гъуазджэм щаIэ зэфIэкIыр, лъэпкъ кьафэхэмрэ зэрэдгъэзэрагъэзащIэр, макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ лъэпкъ пшыналъэхэр зэрагъэзэщIэфыр, нарт эпосым теухуа я кьэхутэныгъэхэрэ проектхэмрэ.

Iуэхум хэтхэм пашэ зэрыхьэнум хущIэкъуу, тегушхуэныгъэ яхэлъу я зэфIэкIхэр ягъэльагъуэ. Псальэм папщIэ, Сабий творчествэмкIэ унэм декоративно-прикладнэ гъуазджэмрэ кьафэмкIэ щеIыгъуэ зэхьэзэхуэм зыкъыщыдзыгъэзэгъэп технологиехэмрэ агробизнесым и кьызэгъэпэщыкIэмрэ щыхуэрагъэджэнущ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Бахьсэн районым апхуэдэу щагъэунэхуащ икIи щызэтрагъэзыщ курыт еджапIэхэм щIэсхэр шхын хуабжькIэ кьызэрыз1эрагъэтэщ щIыкIэр. Апхуэдэ лэжьэкIэм щапхъэ трахыну республикэм и муниципалитет псоми тэнджэщ иратащ.

Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и щапхъэм тету, район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн дызэрыт илъэсым и мазаем езым и напэкIуэцI Интернетым кьыщыщIуихаауэ, ар кьыхэзгъэпурэ цIыхухэм запещIэ. Муниципалитетым и унафэщIхэр хущIокъу иджыпей электрон Iэмал псори езыхэм я лэжьыгъэм кьызэрыщагъэсэбэпыным.

АЛОКЪУЭ Аринэ,
Бахьсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Хъуэхъу

Зи лэжьыгъэм хуэIэкIуэлъакIуэ

Теувэж Сулът1ан нобэ къыщалъхуа махуэщ

УФ-м, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щыхьэзыIэ и пэжьакIуэ, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат Теувэж Сулът1ан нобэ къыщалъхуа махуэщ, ди гуапэу дохьуэхьу узынщагъэ быдэ иIэну, и Iуэхущ1афэкIэ иджыри илъэс куэдкIэ дигъэгугIэну.

ЩОДЖЭНЦIЫКIУ Алий, Горький Максим сымэ я цIэхэр зезыхьэ Къэбэрдей, Урыс драмэ театрхэм я утыкухэм спектакль куэд къызыхьа Теувэжым и лэжьыгъэхэр гуимыхужу, и Iэщ1агъэм зэрыхуэзэжьыкъым къыдэкIуэу, ар гумызагъэрэ щIыху хэтыкIэ екIу иIэу актёрхэм ядолажьэри.

Адыгэ драматургием кьызэрымыкIуэу зезыгъэужьа Iутlыж Борис и IэдакъэщIэкI нэхъыбэ дыдэ зыгъэувар Теувэж Сулът1ан. Къэрал театрхэм щагъэпэгъуэным хуэхахэм кьадэкIуэу, ахэр ядигъэуващ ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и студентхэм. Iутlыжым и фаепIэу, ар дунеим екьжа мужь, урыс драмэ театрым «Эдип»-р щигъэуващ.

Куэд хужьпIэфынущ зи гъащIэр режиссурэм теухуауэ кьэгъуэгурыкIуэ Теувэж Сулът1ан. Псалъэ гуапэ абы хужьзыIэну хуейхэри мащIэкъым. Ар кьилытауэ, «Адыгэ псалъэм» и редакцэм Теувэжым хуэха, абы и ныбжьэгъуэм я гукъэкIыжхэр щызэхуэхьэса напэкIуацI ягъэжьэзыри, газетым и кьыдэкIыгъэ гъунэгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

ИСТЭПАН Залинэ.

ГъэсакIуэхэр Iуэхум хагъэгъуазэ

щIагъэлIхэм студентхэм драгъэкIуэкIынущ ныбжьыщIэхэм щыIэныгъэ яхэлъу, мамырщIэкъуэу щытыным кьыхуэсыдзэ псалъэмакъэхэр. Наркологическэ диспансерым Гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ центрымрэ я лэжьакIуэхэр гъэсакIуэ хьунухэм яхутепсэльыхьынущ узыфэ зэрыщIалэхэр зыхуэдэрэ абыхэм зэрызащIыхьумэну щIыкIэхэмрэ. КъБР-м и Мусльымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм и лIыкIуэхэр тепсэльыхьынущ исПалмыр гъэсэныгъэ иэсым и лъабжьэу зэрыщытым.

Семинарым щеджахэм псоми Iэнат1э кьахунгъуэтынущ КъБКъУ-м студентхэр дэжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщынымкIэ и центрым.

КъБР-м Щ1алэгъуалэм я IуэхуэхэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Iулъхьэ зэрызэIэпахьм, коррупцэм пыща Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Дэтхэнэ балигъми къыгуроIуэ лъэпкъым и тхыдэр, абы и щэнхабзэм и хъугъэфIыгъуэхэр сабийм къищIэн папщIэ и анэдэлъхубзэр игъэшэрыгъэн зэрыхъуейр. ГъэсакIуэ щIэрыIуэ Коменский Ян жиIауэ щыгагъ: «Дэтхэнэ лъэпкъми псори зэрыбгъэдэлъхьэн хуейр езым и бзэмкIищ». Дауэ, псалъэм папщIэ, адыгэ хабзэм сабийр зэрыщIэнпIыкIынур, а хабзэр къезыгъэмыхьэм, зезыхьахэм я бзэр - адыгэбзэр умыщIэу? Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ яIэу я гъэсэнхэм ябгъэдэтщ Хьэтiо хъущыкъуей къуажэм дэт школ-интернатым и егъэджакIуэ-гъэсакIуэхэр.

«СИ БЗЭ - СИ ПСЭ, си дуней» республикIэпсо зэпеуэм и къэпщытакIуэ зэрыщытыр ебгъэтат школ-интернатым, абы и гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ я зэфIэкIэр зрагъэкъуэхьуну. 9-нэ классыр къаухъуху мыбы щоджэ хуэмыщIа унагъуэхэм къыхэкIа сабийхэр. Тхъэмахуэм и кIуэцIкIэ махуитхум ахэр интернатым щопсэу, щобгъэтымрэ тхъэмахуэмрэ зи унагъуэхэм кIуэжыну Iэмал зиIэхэм а зэманыр я унэм щагъэкIуэж. Апхуэдэу щыщыткIэ, мыбы щыпсэу сабийхэм школ-интернатыр я унэ дыдэм хуэдэу, я гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэр адэ-анэ пэпъытэу ябж. Мыбы щылажьэхэмэ я гъащIэр гъэнщIащ зыпэрыт Iэнатiэм, я IэщIагъэм епха Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ. А псор нэрыльагъуэ ящыхъуащ зы махуэкIэ интернатым щыхьэщIа къэпщытакIуэхэм.

ХьэщIэхэр япэу здарагъблэгъэна дерсыр езыгъэкIуэжкIар 9-нэ классым я гъэсакIуэ, ильэс куэд хъуауэ интернатым щылажьэ **Дыкъынэ Iэминатт**. «Си Къэбэрдей-Балкъэр» зыфIища дерсым егъэджакIуэм и пщэ щыдилъхьэжащ къыщалъхуа лъахэм теухуауэ зебгъэкIуэм ящIэр къыззэщIэкъуэжыныр нкIи ар гъуэзэджу зыкъыгурIуэу. Гъэсакъым хуэIэижь егъэджакIуэм иджыпей технологическэ кьигъэсэбэпу кьыззэригъэпэща дерсым наIуэ щыхъуащ абы и еджакIуэхэм я лъахэм и тхыдэр фIыуэ щIэ мыхъуу, зэчий зэмылIэужьыгъуэхэр зэрабгъэдэтыр. 9-нэ классым щеджэ щыкIуэ-хэр хъарзынэу тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балкъэрым зэрыпагэ щIыпIэ дахэхэм, дуней псом кьыкIыу зыпIпы-

● Си бзэ - си псэ, си дуней

ЩIэблэр бгъасэмэ, къыпхуэсакъынущ

хьакIуэхэр ди деж къезышIа зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэм, ди лъэпкым кьыхэкIа щIыхь щэрыIуэхэм, зэрихьэ хабзэ дахэхэм. Ахэр зыгъэсэлъыхьым щIыгъуу интерактивнэ доскам къыщагъэпъэгъуащ езы еджакIуэхэм эхэлъхьа презентацIэр. Ди адыгэ усакIуэхэм Хэкум папщIэ ятха усэхэм гъэхуауэ кьеджащ, уэрэд жьыIэныжкIи къэхэныжкIи я зэфIэкIыр къагъэльэгъуащ еджакIуэ щыкIуэм. Дерсым еплъахэм псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ кьыбжамыIэмэ, езыр-езыру гу зыльымытэн Iуэхугъуэр: урыс щащэ щыкIур адыгэбзэ кьабзэкIэ усэ кьыхэзэджар, адыгэ кьафэ удихъхьуу кьыззэрыфар.

Псоми нэрыльагъуэ ящыхъуащ гъэсакIуэ Дыкъынэ Iэминат лъэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр. Сабийр зэкуэцу бгъэсэныр гугъуащ иджырей зэманым. Курыт еджапIэм а Iуэхур нэхъ тынщ щокIуэкI, сыту жьыIэмэ, адэ-анэм я пщэ кьыдохуэ абы теухуауэ гъжьыпхъэм я нэхъыбэр. Аущ интернатым щыIэ сабийхэр кьапщтэмэ, псори а унэм и лъжьакIуэхэм я кьалэну мэув. Зи гугъу ссцIы еджапIэм ущылажьэн папщIэ, хэтн кьыгуроIуэ, гушхуэ пкIуэцIыпхьн хуейщ. ЖэуапIыныгъэ пыIуу Iэминат и кьалэнхэм зэрабгъэдэтыр сабийхэм я нэгум иплъагъэрт, гъэсэныгъэ дахэ зэрабгъэдэлъым гу лыптэрт.

- Сабийхэр ейрэ фIыкIэ зэхэздзын хуейкъым. Абыхэм кьадигъэщI кьабзагъэр зэрымыкIуэдыным яужь уиту,ебгъэфIакIуэу захэтныр ди кьалэн нэхъыщхьэу собж. Абы щыгъуэ езы цыкIуэхэм Iэмал имыIэу а гуапагъэр гъэбгъуэу я кьуатыжьынущ, - жиIэ Iэминат.

Iэкlуэлъакlуэу кьызэгъэпэща классщIыб лэжьыгъэм, «Насыпышхуэщ, фIыгъуэ ninц адыгэ хабзэр» зыфIащам, ирагъэблагъэат зэпеуэм и кьэпщытакIуэхэр. Утыкум кьыхьа сабийхэр ныбжькIэ зэхуэмыдэ щхьэкIэ, псоми я гу хьихьэу, фIы дыдэу кьагъэльэгъуащ адыгэ нысашэм и зы тепщыгъуэ. Куэд щIауэ утыкум итым хуэдэу, кьыщIыуэ кьахэмыкIыу, еджакIуэ цыкIуэр адыгэбзэ кьабзэкIэ кьеджакъщ Кьэзэрокъуэ Жэбгатыл и Iуцыгъэхэм, Бемырзэ Мухьэдин и усэхэм. «Акъылыр - былымщ», «Чэнджащэр щыуэрэкым», нэгъуэщI псалъэжь щыта Адыгэ ягу кьагъэкIыжащ. Адыгэ кьэрэфIэм хуэзыгъагъэ **Щомахуэ Хьэмидбий** и нэIэ зытет цыкIуэхэм я зэфIэкIыр екIуу кьагъэлъэгъуащ. Гупым хэт цыкIуэм удихьэхьу «Уэрэль кьафэ», «Пщащэ кьафэхэр» ягъэззэщIащ.

Абыхэм утыку кьрахащ адыгэ хабзэм и Iыхьэ - «нэнщэ зэрыщIу щытар. Адыгэ фащэ дахэкIэ хуэпа еджакIуэ цыкIуэхэм кьэпщытакIуэхэм я пащхьэ кьыщагъэлъэгъуащ пасэм унэишэр зэрекIуэкIыу щыта щыкIэр. Абы хэтт уэрэдаэрэ, Iурыщэлъэр, нысащIэр зытеуэ мэлыфэрэ, хуэрыбзэ дахэхэр, щIалэгъуалэм я джэгукIэр, нэхъыжьхьэм я хьэхуфIхэр. А тепщыгъуэр псомэ яхуэгъэзэ хьэхуэу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

Дерсхэм я ужькIэ хьэщIэхэр ирагъэблагъат школ-интернатым и музейм. Абы щызэхуэхьэса хьэпшыпхэм кьекIуэлIэхэм яхутепсэльыхьащ а интернатым егъэджакIуэу, завучу щылэжьа, иджы музейм и хьуэныкъо я зыужьынныгъэмрэ гуращ псэкIэ пэрыт **КIуращым Алий**. Абы зэрыжиIамкIэ, музейм зэрехьэ ар 1953 гъэм кьызэзыгъэпэщащэ щыта Джэтауэ Зое и цIэр. ХьэщIэхэм инкьыкIэ зафIэтхэсэ **Щомахуэ Хьэмидбий** и нэIэ зытет цыкIуэхэм я зэфIэкIыр екIуу кьагъэлъэгъуащ. Гупым хэт цыкIуэм удихьэхьу «Уэрэль кьафэ», «Пщащэ кьафэхэр» ягъэззэщIащ.

Абыхэм утыку кьрахащ адыгэ хабзэм и Iыхьэ - «нэнщэ зэрыщIу щытар. Адыгэ фащэ дахэкIэ хуэпа еджакIуэ цыкIуэхэм кьэпщытакIуэхэм я пащхьэ кьыщагъэлъэгъуащ пасэм унэишэр зэрекIуэкIыу щыта щыкIэр. Абы хэтт уэрэдаэрэ, Iурыщэлъэр, нысащIэр зытеуэ мэлыфэрэ, хуэрыбзэ дахэхэр, щIалэгъуалэм я джэгукIэр, нэхъыжьхьэм я хьэхуфIхэр. А тепщыгъуэр псомэ яхуэгъэзэ хьэхуэу дахэкIэ зэхуащIыжащ.

Дерсхэм я ужькIэ хьэщIэхэр ирагъэблагъат школ-интернатым и музейм. Абы щызэхуэхьэса хьэпшыпхэм кьекIуэлIэхэм яхутепсэльыхьащ а интернатым егъэджакIуэу, завучу щылэжьа, иджы музейм и хьуэныкъо я зыужьынныгъэмрэ гуращ псэкIэ пэрыт **КIуращым Алий**. Абы зэрыжиIамкIэ, музейм зэрехьэ ар 1953 гъэм кьызэзыгъэпэщащэ щыта Джэтауэ Зое и цIэр. ХьэщIэхэм инкьыкIэ зафIэтхэсэ щIэрыIуэ зэрыщытыр хуейщ. ЖэуапIыныгъэ пыIуу Iэминат и кьалэнхэм зэрабгъэдэтыр сабийхэм я нэгум иплъагъэрт, гъэсэныгъэ дахэ зэрабгъэдэлъым гу лыптэрт.

- Сабийхэр ейрэ фIыкIэ зэхэздзын хуейкъым. Абыхэм кьадигъэщI кьабзагъэр зэрымыкIуэдыным яужь уиту, ебгъэфIакIуэу захэтныр ди кьалэн нэхъыщхьэу собж. Абы щыгъуэ езы цыкIуэхэм Iэмал имыIэу а гуапагъэр гъэбгъуэу я кьуатыжьынущ, - жиIэ Iэминат.

Iэкlуэлъакlуэу кьызэгъэпэща классщIыб лэжьыгъэм, «Насыпышхуэщ, фIыгъуэ ninц адыгэ хабзэр» зыфIащам, ирагъэблагъат зэпеуэм и кьэпщытакIуэхэр. Утыкум кьыхьа сабийхэр ныбжькIэ зэхуэмыдэ щхьэкIэ, псоми я гу хьихьэу, фIы дыдэу кьагъэльэгъуащ адыгэ нысашэм и зы тепщыгъуэ. Куэд щIауэ утыкум итым хуэдэу, кьыщIыуэ кьахэмыкIыу, еджакIуэ цыкIуэхэр адыгэбзэ кьабзэкIэ кьеджакъщ Кьэзэрокъуэ Жэбгатыл и Iуцыгъэхэм, Бемырзэ Мухьэдин и усэхэм. «Акъылыр - былымщ», «Чэнджащэр щыуэрэкым», нэгъуэщI псалъэжь щыта Адыгэ ягу кьагъэкIыжащ. Адыгэ кьэрэфIэм хуэзыгъагъэ **ЩОДЖЭН Iэминат.**

● Щэнхабзэ

Уней театрым фрегъэблагъэ

Нэгъуей Мухьэдин и уней театр Налшык щылажьэм и бжэр мы мазэм кьызэIуехьи. Абы и репертуарыр, сыт щыгъуэ хуэдэ хьэлэмэтщ икIи уи къэухьым зезыгъэужьщ.

АПХУЭДЭХЭЩ мэлыжьыхьым и 21-м ягъэлъэгъуэну «ЩIэнтхэр» (Ионеско Эжен) спектаклыр, мэлыжьыхьым и 28-м екIуэкIыну «Крепп и иужьрей лентIыр» (Беккет Сэмуэл) драмэр, абы накъыгъэм и 5-м кьыкIэлъыкIуэнущ «Пианистым теухуауэ таурыхъ» (Барикко Алессандро) хьыбар гъэщIэгъуэныр, накъыгъэм и 12-м щыIэну «Крысолов» (Цветаевэ Маринэ) усыгъэ театрыр.

Нэгъуей Мухьэдин и театрыр зэрылажьэрэ и зэфIэкIкIэм хигъахъуэ зэпытщ. Абы игъэлъэгъуэну спектаклхэр кьыщыкIихкIэ, псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуещI тхыгъэм и мыхьэнэм, щIэзэ гупсысэм, кьищынэмыщIауэ, урыс классикэми, нэгъуэщI лъэпкъхэм я драматургиеми набдзэгубдзапIъэу хопъэ.

Спектаклхэр зэрекIуэкIыр урысыбзэщ, пщIэнщэу ущIагъэхьэ, епIыну хуейхэм зрагъэхьэлIэ кьунущ щэбэт кьэс сыхьэт 18.00-м. *ХэщIапIэр:* Налшык къалэ, Ленициным и уэрам, 2, 1-нэ кьат. УпщIэ зыIэпэжу фыпсалъэ хьунущ мы телефонхэмкIэ: **8(8662) 40-70-13, 8(960) 431-95-92.**

БАГЪЭТЫР Луиз.

ЩхъуантIагъэхэр щыхасэ

● Министерствэхэм

КъБР-м ЩIыуэпсым и хьугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ, Налшык дэт курыт еджапIэ №30-мрэ Сабий унэмрэ я щIагъэнIэхэм жыгыщIэхэр ящыхасащ.

«КъЭРАЛ сыхьэт» республикэ хьыбарегъащIэ-узэщIыныгъэ проектым хьыхьу, а школыр министерствэм и егъэбыдылащ. Министр Гызыев Берт еджакIуэхэм яIущащ, Къэбэрдей-Балкъэрым и унафэщIхэм я Iуэхугъуафэм, ди деж щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэр зыхуэдэм, зи Iэтащхьэ Iнатiэм и мурадхэмрэ я кьалэнхэмрэ ахэр хигъэгъуэзащ. КъищынэмыщIауэ, Псы гъэтIылъыгъэхэм я дунейпсо маХуэм, гьатхэпэм и 22-м школакIуэхэмрэ министерствэм и лэжьакIуэхэмрэ щэбэт щыхьэху кьызэрагъэпэщри, Налшык псыхъуэр ягъэхьэбащ, жылагъуэр зэIуэпэщ щIыпIэ теуауэ кьыхалъхьа мазитI лэжьыгъэм хьихьу, еджапIэм и пщIантIэм жыгыщIэ гъэIэпхъуэн зэманыгъуэу 60 щыхасащ.

«Къэрал сыхьэт» проектым и ефIэкIныныгъэм щытепсэлъыхьым, курыт школым и унафэщI Темыр Ларисэ кьыкигъэщащ кьытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр икIи я еджапIэм зэрыдэIэпыкIуэм папщIэ министерствэми я Iэнатiэм и Iэтащхьэмэ фIыщIэ яхуищIащ.

Апхуэдэу министерствэм республикэм и Сабий унэм зыщIегъакъуэ. Мы махуэхэм а Iуэхугъуэм жыгыщIэхэр яхуищащ.

Унэм и кьалэныр сабий зеинщэхэм, адэ-анэхэм я кIэлъыплъныныгъэм щIэмытыжхэм, ильэсиплI ныбжьым нэсыху, медицинэ, педагогикэ, социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етыныращ. «Дубки» кьэблэм щыIэ а Iуэхугъуэм Iэпхъуэ и 31-м къызэIуахащ. Иджыпсту абы сабий 75-рэ щапIыж, апхуэдэу иджырей зэрелэзэ, диагностикэ, реабилитацэ техникэрэ IэмэпсымэхэмкIэ щыкIу 35-м щакIэлъэплъ.

Министерствэм ярита кIей, псей, уэздыгъей жыгыщIэ лIэужьыгъуи 150-м щигъуэ Iуэхущапсэм я лэжьакIуэхэм хасащ.

Сабий унэм и дохутыр нэхъыщхьэ Кущал Людмилэ къигъэльэгъуащ я пщIантIэр щхъуантIагъэкIэ зэрагъэдахэр цыкIуэхэм я дежкIэ зэрысэбэныр икIи кьадэIэпыкъуэм фIыщIэ яхуищIащ.

Министерствэм унафэ хъищтащ я зы махуэ улахуэ псапащIэ щыкIуэ мы Iуэхущапсэм хухихьну.

ХЬЭМДЗХЪУ Сурен.

● Атлетикэ хьэлъэ

Тыркум зыщегъэлъагъуэ

Атлетикэ хьэлъэмкIэ Европэм и чемпионат Тыркум щекIуэкIащ. Урысейм и командэ кьыхэхам хэту а зэпеуэм килограмм 94-рэ зи хьэлъагъэр щыгъэзэхуэ гуным жэ медалыр кьыщихьащ Къэбэрдей-Балкъэрым щыщ Бидеев Аслъэн.

НЭХЪАПЭМ килограмм 85-рэ зи хьэлъагъ гупым зи зэфIэкI щызыгъэльагъуэу щыта ди лъахэгъум иджы япэу кьэралым и балигъ командэ кьыхэхам хэту, езым и дежкIэ щIэуэ щыт, ильэсым и зэпеуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым екъуIэныгъэ щызыIэригъэхьащ. НыбжьыщIэхэм я командэ кьыхэхам дэщIыгъуэу Аслъэн Европэм и чемпион, рекордсмен хьуауэ, дунейпсо зэхъэзэхуэм текIуэныгъэхэр кьыщихьауэ щыташ.

Тыркум хьэрхуэрэгъу лъщIэр щIIами, Бидеевым жэз медаль зыIэригъэхьэну хуэзфIэкIащ. КъБР-м атлетикэ хьэлъэмкIэ и тренер Жаппуев Магомет ди спортсменым и екъуIэныгъэмкIэ арэзыщ икIи ар абы щыгуфIыкIащ. «Европэм и атлет лъщIэхэр зыхэта зэпеуэ гуащIэм Iэнэщ1у дыкъыкIыжакъым. Ар гуапэщ», - жеIэ Жаппуевым.

ГЪЭУНЭ Светлан.

«Ажалыр щащэр кьыджеIэ!» зи чэзу акцэм хэт министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ дэныкъ зыхуащI я телефонхэмкIэ республикэм щыпсэухэм кьабгъэдэкI хьыбар 32-рэ кьаIэрыхьащ.

УРЫСЕЙМ Наркотикхэм ебэныныкIэ и федеральнэ кьупкьыкъум и Iуэхущапсэу КъБР-м щыIэм цыхьу 13-м зыкьыхьуагъэзащ. Хьыбархэм япкъ иткIэ, хабзэм кьемыдэзэпыу наркотикхэр хьумэныным, наркоетъэзыпIэхэр кьызэгъэпэщыным, акъылыр зыгъэутхъуэ щхъуьхъэр щэным теухуа уголовнэ Iуэхуу 8 кьаIэтащ, наркополицейхэм административнэ кьуанщагъэм теуха протоколи 7 эхэгъэуващ.

Налшык къалэ и Къэбэрдей уэрамым наркотикхэр зэрыщагъэхьэзэрыпм, ахэр зэрыщыгъэрахьэлIэм теуха хьыбар Наркоlуэхущапсэм и плъыр частым кьрагъэщIащ. Полицейхэм кьэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэжыкIэ Iущхьэ жэпкъ куэду кьыгърахащ.

Наркотикхэр зэрыкIуэныным ебэныныкIэ и Iуэхущапсэу КъБР-м щыIэм и Бахьсэн районкIэ щыдамэм и плъыр частым хьыбар кьыIэрыхьат Бахьсэн кьалэм и Угнич уэрамым тет унэхэм ящыщым наркотикхэр зэрыщахьуэмэ теуха хьыбар. ХэщапIэм кIуа наркополицейхэм марихуанэ грамм 22-м щигъу ябы кьыщагъуэтащ.

Урысейм Наркотикхэм ебэныныкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Iуэхущапсэу КъБР-м щыIэм етIуанэу кьыIэрыхьа хьыбарымкIэ Налшык кьалэ Ядарым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэхэм ящыщ зым цыхьущ екIуэлIат, фэтэрыр зейм щIигъуу наркотикхэр щагъэхьэзырыну я мураду. Наркополицейхэр я хэщапIэм кIуаш икIи УФ-м и УК-м и 232-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм кьыщыгъэльэгъуа щIэпхъаджагъэ ялэжьауэ сэтей кьащIащ.

УФСКН-м и пресс-Iуэхущапсэм щыгъуэзэ дыдэзыщIамкIэ, псом хуэмыдэу наркополицейхэр игъэпIейтеящ акъылыр зыгъэутхъуэ хущхьэхэхэр зэрыщIу щымыIэу зэращIэм теухуауэ я кьаIэрыхьа хьыбархэм. КъБР-м Хэнигашэр хуэмынымкIэ и министерствэм и «Наркологие диспансер» кьэрал Iуэхущапсэм кьызэритамкIэ, афиян наркотик лIэужьыгъуэхэр кьызыгъэсэбэпу щытахэр иджы а щхъуьхъэм хуэкIуащ. Абы псынщIэу цыхьум и акъылыр зэрегъэкIуэжI, медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зэчим зыщым и гъащIэр кьэдкIэ нэхъ кIэщ мэхьу.

Республикэм и НаркоIуэхущапсэм и лэжьакIуэхэм кьэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ икIи рецептыншэу наркотикым ещхь хущхъуэхэкIэр ящэ зэрымыхьунур аптекэ Iэнатiэ 3-м я унафэщIэм хуагъэлъэгъуащ.

НэгъуэщI министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ «дзыхь зрагъэз» телефонхэмкIэ зэхэлъ Iуэхугъэр мэлажьэ. Къэбэрдей-Балкъэр щыIэ 19 Iэкъэрыкъащ. Абыхэм ящыщу 2-р КъБР-м щыIэ МВД-м, 3-р - Щалэгъуалэм я Iуэхугъэр зэрелъэгъуащ.

УФСНК-м и Налшык къэлэдэсхэм я Iуэхугъэр зэрыщагъэкIуэкI. Урысейм Тезырхэр ирегъэхъэкIыныжкIэ и федеральнэ кьулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм Iэрыхьа и хьыбарым ипкъ иткIэ, уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. «Наркологие диспансер» Iуэхущапсэм щыхуэхэр 13-рэ псэльащ. Ахэр нэхъыбэу зыщIэлъэр наркоманиеу языфIэм зэрелъэ ззэрщ, абыхэм сэбэп зэрахъуэрщ.

«Ажалыр щащэр кьыджеIэ!» акцэм кьриубыдэу наркотикхэкI килограмм 23,5-рэ кьыгърахащ. КьыжьлъыкIуэр бжьыхьэм екIуэкIынущ. Абы емыльытауэ, УФСНК-м и пресс-хьэрэгъэ мэлажьэ. Къэбэрдей-Балкъэр щыIэ 19 Iэкъэрыкъащ. Абыхэм ящыщ 2-р КъБР-м щыIэ МВД-м, 3-р - Щалэгъуалэм я Iуэхугъэр бжьыхьэм екIуэкIынущ. Абы емыльытауэ, УФСНК-м и пресс-хьэрэгъэ мэлажьэ.

УАРДЭ Жантинэ.

ВНИМАНИЕ!

Правоохранительными органами Кабардино-Балкарской Республики за совершение убийств, посягательств на жизнь сотрудников правоохранительных органов и военнослужащих, совершение иных тяжких и особо тяжких преступлений, разыскиваются жители КБР, находящиеся в международном и федеральном розыске

Татчаев Тимур Валентинович, 01.03. 1981 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Шамаев Аслан Асланович, 27.11.1990 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.105 ч.2 «Убийство двух и более лиц»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Ульбашев Шамиль Магометович, 31.07.1989 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Мишхожев Руслан Муссович, 26.04.1991 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

Лепшев Алим Моисович 15.12.1986 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

ст. 222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст. 317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Тутов Залим Хасанбиевич 07.02.1984 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.222 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.295 УК РФ «Посягательство на жизнь лица, осуществляющего правосудие или предварительное расследование»

Ляужев Тимур Асланович, 17.05.1988 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Гукетлов Тегина Исуфович, 03.07.1983 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст. 317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Берхамов Астемир Мусович, 02.12.1989 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.127 ч.1 УК РФ «Незаконное лишение свободы»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.223 ч.2 УК РФ «Незаконное изготовление оружия, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.281 ч.2 «Диверсия»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Жаков Ислам Асланович, 20.02. 1991 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст. 105 ч.2 «Убийство двух и более лиц»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Березгов Залим Анатольевич, 28.11.1990 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.105 ч.2 «Убийство двух и более лиц»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Гукетлов Жираслан Исуфович, 23.03.1985 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Озов Музарин Алиевич, 15. 04.1982 г.р.

Находится в международном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст.317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Атмурзаева Буздыкит Хасанович, 25.06. 1979 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

Батырбеков Руслан Иосифович, 03.10. 1980 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

Хандохов Арсен Хажмурзович, 15.06.1973 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

Лиев Залим Хасанович, 05.05.1983 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.105 ч.2 «Убийство двух и более лиц»

ст.222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

Факов Хажсанби Хажмурадович, 16.07.1979 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.105 ч.2 «Убийство двух и более лиц»

ст. 222 ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

Бозиев Зейтун Махтемович, 23. 10.1982 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.209 ч.2 УК РФ «Участие в устойчивой вооруженной группе»

ст. 222 ч.3 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств, совершенные организованной группой»

ст.210 УК РФ «Участие в преступном сообществе»

Каркаев Артур Магомедович, 10.07. 1985 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.105 ч.2 «Убийство»

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

Кансаев Хасан Ибрагимович, 05.11.1990 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.208 ч.2 УК РФ «Организация незаконного вооруженного формирования или участие в нем»

Кушхатуев Антон Анатольевич, 05.04. 1982 г.р.

Находится в федеральном розыске за совершение преступлений предусмотренных:

ст.222 ч.1, ч.2 УК РФ «Незаконные приобретение, хранение или ношение оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств»

ст. 317 УК РФ «Посягательство на жизнь сотрудника правоохранительного органа»

Уважаемые жители Кабардино-Балкарской Республики!

Если Вы располагаете информацией о месте нахождения указанных лиц, совершенных или готовящихся преступлениях, просьба на условиях строгой конфиденциальности звонить по следующим телефонам: **Дежурная часть МВД по КБР 40-49-10; 49-53-02, Управление уголовного розыска МВД по КБР: 47-65-82; 49-52-62; 49-51-32; 49-50-06, Оперативный штаб в КБР 48-15-10, УФСБ РФ по КБР: 48-18-02 (дежурная часть), 48-15-81 (телефон доверия).**

За предоставление информации в отношении разыскиваемых лиц, назначено крупное денежное вознаграждение. Полная анонимность гарантируется.